



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman

Yo te rapòte 11 lanmò nan tout eta a nan 16 mas

Nou pral voye kominike laprès yo sou mizajou COVID-19/vaksen an chak semèn nan jou vandredi yo anvan ekspirasyon ijans sante piblik federal la nan mwa me; Dènye done yo rete [disponib sou entènèt 24/7](#)

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi dekri mezi debaz yo ka pran pou yo ka pwoteje yo kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa yo.

"Chak Nouyòkè dwe rete vijilan epi pou yo kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi asire ou fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Apati jodi a, 17 mas ak anvan ekspirasyon gouvènman federal la prevwa pou ijans sante piblik COVID-19 la nan 11 me, kominike laprès sou COVID-19/vaksen Eta New York la pral pibliye chak semèn nan vandredi yo jiska nouvel lòd. Dènye done sou COVID-19 ak vaksen an pral kontinye disponib 24/7 nan [swivi sou entènèt](#) Depatman Sante Eta New York la.

Anplis de sa, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ap evalye chanjman yo nan koleksyon done ak rapò sou COVID yo an kolaborasyon ak depatman sante lokal yo ak founisè swen sante yo, pou soulaje fado founisè yo ak pwofite lòt sous done yo pou kenbe kapasite li pou siveye eta maladi a ak kapasite sistèm nan pou founi swen sante. Ajans lan rete angaje pou reponn ak menas COVID-19 la epi kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete COVID-19: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman.

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon komen yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont grip ak COVID-19. Gouvènè a kontinye ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo ki sible souch viris orijinal la ak varyant ki an sikilasyon yo.

Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Depatman Sante Eta New York la kontinye [kanpay COVID-19 12 semèn](#) li a nan televizyon, rezo sosyal ak sèvis difizyon pou ankouraje Nouyòkè yo ki gen pwoblèm medikal pou yo rekonèt enpòtans pou yo pran ak rete ajou avèk dòz rapèl bivalan yo rekòmande a pou evite gwo maladi oswa lanmò. Kondisyon sa yo gen ladan gen 65 ane oswa plis, ansent, obèz, dyabetik, oswa soufri maladi kè oswa maladi poumon, oswa gen yon sistèm iminitè ki afebli.

Anplis de sa, Depatman Sante a te pibliye [rapò siveyans grip chak semèn](#) li an pou semèn k ap fini nan 11 mas epi montre grip la rete gaye jewografikman toupatou nan eta a pandan venndezyèm semèn konsekitif, avèk yon total 321,116 ka pozitif ke yo rapòte sezon sa a jiskaprezan. Rapò a te jwenn tou ke ka yo ki konfime nan tout eta a te ogmante 1 pousan pou 1,866 pou semèn lan, alòske kantite moun ki entène lopital an jeneral te desann 16 pousan nan semèn anvan an, avèk 151 moun ki entène lopital atravè eta a.

Te gen twa epidemi nan enstalasyon swen avanse ak swen alontèm yo, ke rapò a te detèmine. Pa te gen yon lanmò pedyatri ki asosye avèk grip la yo rapòte pou semèn nan, pou yon total 11 nan tout eta a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines](https://www.vaccines.gov/find-vaccines).

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 6.03
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 5.36
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 37,599
- **Total Pozitif** - 1,179
- **Pousantaj Pozitif** - 2.92%**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 2.54**
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 1,340 (-10)
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 203
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 146 (-12)
- **Pasyan nan ICU avèk Entibasyon** - 52 (-3)

- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 407,272 (+219)**
- **Etablisman swen sante yo rapòte nouvo lanmò yo atravè HERDS - 11**
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 62,078**

** Akòz chanjman nan règleman sou rapòtès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done Depatman Sante Eta a ki kolekte done sou lanmò chak jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 78,962**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke Depatman Sante Eta a ak Vil New York rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 43,880,106**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki pase yo - 1,689**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 18,283**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 85.5%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 90.7%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki ajou - 16.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo - 74.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 76.4%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki ajou - 6.5%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki pran tout seri vaksen yo - 40.1%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 41.0%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 5-11 ane ki ajou - 3.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki pran tout seri vaksen yo - 7.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 0-4 ane ki ajou - 7.9%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 76.5%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 80.9%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki ajou - 14.1%**

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

| Rejyon | Madi 14 mas 2023 | Mèkredi 15 mas 2023 | Jedi 16 mas 2023 |
|-----------------------|-------------------------|----------------------------|-------------------------|
| Capital Region | 6.10 | 5.58 | 5.21 |
| Central New York | 7.70 | 8.16 | 8.12 |
| Finger Lakes | 9.24 | 8.89 | 8.74 |
| Long Island | 5.32 | 5.03 | 4.74 |
| Mid-Hudson | 4.77 | 5.03 | 5.20 |
| Mohawk Valley | 5.42 | 4.92 | 5.00 |
| New York City | 3.97 | 3.96 | 3.99 |
| North Country | 9.10 | 8.83 | 8.59 |
| Southern Tier | 10.02 | 9.97 | 9.57 |
| Western New York | 8.65 | 8.33 | 8.04 |
| Nan tout Eta a | 5.52 | 5.44 | 5.36 |

Pousantaj rezilta tèz pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

| Rejyon | Madi 14 mas 2023 | Mèkredi 15 mas 2023 | Jedi 16 mas 2023 |
|-----------------------|-------------------------|----------------------------|-------------------------|
| Capital Region | 4.98% | 5.31% | 5.01% |
| Central New York | 4.50% | 4.86% | 4.88% |
| Finger Lakes | 5.63% | 5.50% | 5.43% |
| Long Island | 2.64% | 2.66% | 2.63% |
| Mid-Hudson | 1.44% | 1.50% | 1.57% |
| Mohawk Valley | 4.02% | 3.66% | 3.65% |
| New York City | 1.45% | 1.50% | 1.62% |
| North Country | 5.55% | 5.58% | 5.39% |
| Southern Tier | 5.28% | 5.38% | 5.24% |
| Western New York | 9.49% | 9.27% | 9.07% |
| Nan tout Eta a | 2.47% | 2.48% | 2.54% |

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèz la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

| Minisipalite nan NYC | Madi 14 mas 2023 | Mèkredi 15 mas 2023 | Jedi 16 mas 2023 |
|-----------------------------|-------------------------|----------------------------|-------------------------|
| Bronx | 1.65% | 1.58% | 1.52% |
| Kings | 0.92% | 1.12% | 1.39% |
| New York | 2.16% | 2.13% | 2.16% |
| Queens | 2.00% | 1.90% | 1.83% |

| | | | |
|----------|-------|-------|-------|
| Richmond | 1.58% | 1.56% | 1.57% |
|----------|-------|-------|-------|

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè s la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Yè, te gen 1,179 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,641,702. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 79,539 | 17 |
| Allegany | 10,934 | 4 |
| Broome | 59,523 | 23 |
| Cattaraugus | 19,456 | 3 |
| Cayuga | 20,695 | 6 |
| Chautauqua | 29,839 | 9 |
| Chemung | 26,885 | 8 |
| Chenango | 11,944 | 1 |
| Clinton | 23,005 | 8 |
| Columbia | 14,067 | 2 |
| Cortland | 13,616 | 7 |
| Delaware | 10,257 | 1 |
| Dutchess | 85,583 | 19 |
| Erie | 271,943 | 83 |
| Essex | 7,862 | 4 |
| Franklin | 12,301 | 6 |
| Fulton | 16,787 | 5 |
| Genesee | 16,782 | 5 |
| Greene | 11,138 | 1 |
| Hamilton | 1,106 | - |
| Herkimer | 17,645 | 3 |
| Jefferson | 27,541 | 10 |
| Lewis | 7,423 | 4 |
| Livingston | 14,563 | 6 |
| Madison | 17,016 | 5 |
| Monroe | 194,250 | 68 |
| Montgomery | 15,194 | 4 |
| Nassau | 551,434 | 65 |
| Niagara | 60,181 | 18 |
| NYC | 3,093,096 | 403 |
| Oneida | 69,735 | 22 |
| Onondaga | 144,020 | 42 |
| Ontario | 26,534 | 12 |

| | | |
|--------------|---------|----|
| Orange | 140,856 | 25 |
| Orleans | 10,682 | 2 |
| Oswego | 35,035 | 5 |
| Otsego | 13,444 | - |
| Putnam | 31,823 | 7 |
| Rensselaer | 42,215 | 13 |
| Rockland | 119,399 | 58 |
| Saratoga | 62,117 | 15 |
| Schenectady | 44,130 | 7 |
| Schoharie | 6,652 | 2 |
| Schuyler | 4,369 | - |
| Seneca | 7,789 | 7 |
| St. Lawrence | 26,653 | 9 |
| Steuben | 25,630 | 10 |
| Suffolk | 570,402 | 56 |
| Sullivan | 24,878 | 4 |
| Tioga | 14,225 | 2 |
| Tompkins | 26,935 | 2 |
| Ulster | 43,638 | 6 |
| Warren | 19,134 | 9 |
| Washington | 16,059 | 3 |
| Wayne | 22,181 | 11 |
| Westchester | 337,035 | 45 |
| Wyoming | 10,048 | 6 |
| Yates | 4,479 | 1 |

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

| Rejyon | Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène | Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID | Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID | Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon | Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon |
|------------------|-------------------------------------|---------------------------------------------|-----------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------|
| Capital Region | 99 | 61 | 61.6% | 38 | 38.4% |
| Central New York | 80 | 47 | 58.8% | 33 | 41.3% |
| Finger Lakes | 241 | 68 | 28.2% | 173 | 71.8% |

| | | | | | |
|-----------------------|--------------|------------|--------------|------------|--------------|
| Long Island | 170 | 69 | 40.6% | 101 | 59.4% |
| Mid-Hudson | 129 | 48 | 37.2% | 81 | 62.8% |
| Mohawk Valley | 24 | 10 | 41.7% | 14 | 58.3% |
| New York City | 373 | 147 | 39.4% | 226 | 60.6% |
| North Country | 38 | 15 | 39.5% | 23 | 60.5% |
| Southern Tier | 59 | 15 | 25.4% | 44 | 74.6% |
| Western New York | 127 | 60 | 47.2% | 67 | 52.8% |
| Nan tout Eta a | 1,340 | 540 | 40.3% | 800 | 59.7% |

Yè, te gen 11 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 62,078. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

| Konte | Nouvo Lanmò yo |
|---------------------|----------------|
| Albany | 1 |
| Broome | 1 |
| Erie | 3 |
| Monroe | 1 |
| Nassau | 1 |
| New York | 1 |
| Queens | 1 |
| Rockland | 1 |
| Suffolk | 1 |
| Montan Total | 11 |

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele **1-800-232-0233** pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

[Sitwèb](#) Depatman Sante eta a gen nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen ak pran dòz rapèl selon rejyon yo prezante konsa:

| Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a | | |
|-----------------------------------------------------------|------------------------|------------------------|
| Rejyon | Moun ki ajou | |
| | Kimilatif Total | Kimilatif Total |
| Capital Region | 910,968 | 227,905 |
| Central New York | 616,999 | 148,812 |
| Finger Lakes | 830,570 | 240,056 |
| Long Island | 2,025,314 | 376,411 |
| Mid-Hudson | 1,575,796 | 338,843 |
| Mohawk Valley | 312,041 | 69,620 |
| New York City | 7,480,353 | 1,004,074 |
| North Country | 285,589 | 63,167 |
| Southern Tier | 420,304 | 106,928 |
| Western New York | 914,451 | 230,030 |
| Nan tout Eta a | 15,372,385 | 2,805,846 |

| Dòz rapèl/vaksen adisyonèl | | |
|-----------------------------------|------------------------|------------------------------------------|
| Rejyon | Kimilatif Total | Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo |
| Capital Region | 824,554 | 840 |
| Central New York | 548,245 | 437 |
| Finger Lakes | 869,811 | 1,015 |
| Long Island | 1,860,759 | 1,720 |
| Mid-Hudson | 1,519,275 | 1,349 |
| Mohawk Valley | 280,442 | 245 |
| New York City | 4,848,319 | 4,527 |
| North Country | 253,752 | 239 |
| Southern Tier | 391,251 | 459 |
| Western New York | 893,916 | 928 |
| Nan tout Eta a | 12,290,324 | 11,759 |

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodbò a toulejou pou chif yo reflète kontaj ki pi resan

pou kanpay vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la rapòte ki done ki soti nan NYSIIS ak CIR diferan lejèman pa rapò ak done ki rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418